



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ESKPANSYON 348 EKTA NAN PAK ETA MOREAU LAKE A

*Pwen Gran Viraj la pral ofri aksè nan òf lwazi pou Rivyè Hudson*

*Pwopriyete a ofri abita eksepsyonèl pou espès ak plant natif ak fòn lan, ki enkli papiyon ble Karner a ki nan vwa disparisyon*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ekspansyon 348 ekta nan Pak Eta Moreau Lake la nan Konte Saratoga. Nouvo teren an enkli abita natirèl enpresyonan sou yon pòsyon ki pa devlope nan Rivyè Hudson ke yo rele Pwen Gran Viraj la (Big Bend Point).

"Akizisyon Pwen Gran Viraj la garanti pwoteksyon yon abita ki enpòtan ak resous natirèl vyèj," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pak Eta Moreau Lake vizite pa plizyè santèn milye amatè grantè chak ane pou kanping, naj, ak eksplorasyon rezo santye popilè li yo. Avèk plis moun ke jamè k ap vizite pak nou yo, sipèfisi sa ap devlope opsyon pou lwazi anplennè nan rejyon an epi prezève espas ouvè nan Konte Saratoga k ap grandi a."

Pak Eta New York yo te fè patenarya ak Open Space Institute (OSI) pou pwoteje ansyen sit eksplwatasyon bwa a nan Pwen Gran Viraj la nan vil Moreau. Pwen Gran Viraj la ki limite pa twa kilomèt Rivyè Hudson, enkli chemen forestye laj, ki ka konvèti an yon rezo santye ki aksesib pou pwomnad, monte bisiklèt ak obsèvasyon zwazo ak fòn, monte cheval, ak espò ivè ki pa sou moto tankou ski fon oswa rakèt pandan tout ane a. Pak Eta yo planifye enstale pò pou mete bato/kayak nan dlo, epi pèmèt lachas nan mi sezon.

Avèk tè an sab, izolman pa rapò ak zòn ki devlope yo, ak preri ki ouvè yo, Pwen Gran Viraj la ofri yon abita eksepsyonèl pou plizyè milye espès plant natif ak fòn, ki enkli papiyon ble Karner a ki nan vwa disparisyon. Pandan de dènye ane yo, OSI te angaje nan yon pwojè restorasyon abita pou kreye yon nouvo fwaye pou Karner Ble a -- ke yo prevwa k ap sipòte yon minimòm 3,000 espesimen papiyon ra chak ane.

Topografi, biyodivèsite inik, ak vas sipèfisi a ofri tou nouvo destinasyon pou pwogram Edikasyon sou Lanati solid Pak Eta Moreau Lake la. Pak Eta yo ap devlope yon plan sit la ki vize pou akeyi vizitè an 2022.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Sipòte nouvo aksè nan Pak Eta Moreau a se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Hochul pou devlope lwazi anplennè pou rezidan ak vizitè New York yo. Sa yo se kote ki ekstraòdinè pou dekouvri pati Anwo Rivyè Hudson nan zòn etonan sa nan New York. Mwen rekonesan ak Enstiti Open Space paske li ede kreye nouvo aksè piblik sa."

**Kim Elliman, Direktè Egzekitif ak PDG OSI, te deklare,** "OSI fyè de 20 lane efò konsèvasyon teren ki te ede pwoteje epi devlope Pak Eta Moreau Lake la pou bote espektakilè li ak òf lwazi popilè li yo. Ak dènye sa OSI ajouote nan Moreau Lake, nou kontan pou di ke nou te triple gwosè destinasyon anplennè fantastik sa ki pa sèlman akeyi piblik la pou eksplorasyon ak amizman, men ki sèvi tou kòm abita fòn enpòtan nan rejyon k ap devlope rapid sa."

**Senatè Eta a, Daphne Jordan te deklare,** "Mwen kontan anpil ak ekspansyon 348 ekta ki anonse nan Pak Eta Moreau Lake la, paske li prezante abita natirèl pitorèsk sou yon seksyon nan Rivyè Hudson lan. Li bon pou prezève tè nan eta natirèl li epi bay santye ak lwazi pou Nouyòkè yo pwofite. Mwen apresye angajman ak lidèchip Gouvènè Hochul ak Komisè Pak Eta yo Kulleseid nan efò sa pou sipòte epi ranfòse pak piblik nou yo ak espas eksteryè presye yo."

**Manm Asanble Carrie Woerner te deklare,** "Ekspansyon sa nan Pak Eta Moreau Lake se yon bagay ekstraòdinè ki ajoute nan yon resous ki te deja mayifik. Lè nou bay aksè ki fasil nan santye ak Rivyè Hudson, akizisyon sa ap sètènman fè moun ki deja konnen pak la plezi epi l ap bay plis opòtinite rekreyatif toujou, ki enkli amizman nan pak pandan tout ane a. Ekspansyon an gen benefis tou pou pwoteje zòn preyse abita divèsifye a. Mwen bat bravo pou planifikasyon byen reflechi a pou pwoteje moso nati sovaj deplizanpli ra sa nan lakou lakay nou."

Acha 1.6 milyon dola Pwen Gran Viraj la te finanse pa Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund). Akizisyon an mete Pak Eta Moreau Lake la nan yon total sipèfisi 2529 ekta ki fè l youn nan dis pak ki pi gran nan sistèm pak eta a. Avèk pwoksimite li ak Lak George ak So Saratoga alafwa, pak la atiran pou vizitè yo pandan tout ane a paske li ofri pèch sou glas, ski fon, rakèt, ak lòt aktivite sezon ivè.

Pandan 20 dènye lane yo, Open Space Institute (OSI) te ajoute plis pase 1720 ekta nan Pak Eta Moreau Lake, ki triple dimansyon pak la. Nan zòn nan, OSI ap travay tou ak patnè yo pou konekte Moreau Lake ak Pak Eta Saratoga Spa atravè yon koridò santye lwazi 21 kilomèt ki souliyen nan kad plan prezèvasyon ak lwazi Southern Palmertown lan.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)